



Eksplikasyon: Estanda Nasyonal pou Sèvis Kiltirèl ak Lengwistik Apwopriye (CLAS Standards)

Tablo ki anba a eksplike [Estanda CLAS](#) nan langaj klè. Sèvi ak li pou aprann kisa chak estanda vle di ak fason ou menm ak òganizasyon w ka satisfè yo pou amelyore swen.

Estanda CLAS

Siyifikasyon

Prensip Estanda

- | | |
|---|--|
| <p>1. <i>Founi bon kalite swen, ekitab, fasil pou konprann, respè ki adapte ak diferan kwayans ak pratik sante kiltirèl, lang moun yo prefere, konesans sante ak lòt bezwen pou kominikasyon.</i></p> | <p>Asire w ke tout moun jwenn bon kalite swen sante ekitab ki fasil pou konprann epi respekte kilti yo, lang ak konesans sou sante yo.</p> |
|---|--|

Gouvènans, Lidèchip ak Mendèv

- | | |
|---|--|
| <p>2. <i>Ankouraje, soutni gouvènans ak lidèchip òganizasyonèl ki ankouraje CLAS ak ekite nan sante atravè politik, pratik ak resous ki afekte yo.</i></p> | <p>Asire w ke politik òganizasyonèl ak lidèchip yo dedye ak swen ekitab pou tout moun.</p> |
| <p>3. <i>Rekrite, ankouraje ak sipòte yon gouvènans, lidèchip ak mendèv divès kilti ak lengwistik ki reponn ak bezwen popilasyon an nan zòn sèvis la.</i></p> | <p>Anboche ak sipòte yon mendèv ki reponn ak bezwen lang ak kilti kominote yo.</p> |
| <p>4. <i>Edike ak fòme gouvènans, lidèchip ak mendèv nan politik ak pratik ki apwopriye sou plan kiltirèl ak lengwistik sou yon baz kontinyèl.</i></p> | <p>Kreye opòtinite aprantisaj regilye sou fason pou fè egzèsis pratik ki respekte diferan kilti ak lang nan espas travay la.</p> |

Kominikasyon ak Asistans Lang

- | | |
|--|--|
| <p>5. <i>Ofri asistans nan lang bay moun ki gen konpetans limite nan anglè ak/oswa lòt bezwen kominikasyon, san yo pa peye yo, pou fasilite aksè ponktyèl nan tout swen sante ak sèvis yo.</i></p> | <p>Founi èd entèpretasyon gratis pou <i>moun ki pa pale anglè byen</i> pou yo ka jwenn swen sante rapid.</p> |
| <p>6. <i>Enfòme tout moun sou disponiblite sèvis asistans lang yo klèman ak nan lang yo prefere, vèbalman ak alekri.</i></p> | <p>Fè tout moun konnen nan pwòp lang yo, entèpretasyon gratis ki disponib.</p> |
| <p>7. <i>Asire konpetans moun k ap founi asistans nan lang, lè nou rekonèt yo ta dwe evite itilize moun ki pa fòme ak/oswa minè yo kòm entèprèt.</i></p> | <p>Sèvi ak entèprèt ki resevwa fòmasyon, sètifye—ki pa manm fanmi yo—pou ede w nan kominikasyon.</p> |

8. Founi materyèl enprime ak miltimedya fasil pou konprann nan lang ki souvan itilize ak popilasyon yo nan zòn sèvis la.

Fè tout kominikasyon fasil pou konprann ak nan lang moun w ap sèvi yo pale.

Angajman, Amelyorasyon Kontinyèl ak Responsablite

Etabli objektif, politik ak responsablite jesyon ki apwopriye nan plan kiltirèl ak lengwistik, epi mete yo nan planifikasyon ak operasyon òganizasyon an.

Asire w ke se responsablite yon moun pou fikse objektif ak fè règ ki eksplike kijan pou travay ak moun ki soti nan diferan kilti epi pale diferan lang. Asire w ke sa yo fè pati tout plan ak aksyon òganizasyon an.

10. *Fè evalyasyon kontinyèl aktivite òganizasyon an ki gen rapò ak CLAS epi entegre mezi ki gen rapò ak CLAS nan evalyasyon aktivite yo ak kalite amelyorasyonkontinyèl .*

Suiv ak fè chanjman selon jan òganizasyon an ap founi sèvis ekitab ak respè pou moun ki pale diferan lang.

11. *Kolekte epi kenbe done demografik egzat epi fyab pou kontwòl ak evalye enpak CLAS sou ekite ak rezilta sante, epi pou enfòmè livrezon sèvis yo.*

Kolekte epi mete ajou enfòmasyon sou kominote yo pou wè ki jan itilizasyon CLAS Standards amelyore sante ak sèvis yo.

12. *Fè evalyasyon regilye sou byen ak bezwen sante kominotè yo epi sèvi ak rezilta yo pou planifye ak aplike sèvis ki reponn ak divèsite kiltirèl ak lengwistik popilasyon an nan zòn sèvis la.*

Aprann konnen moun yo ak adrès yo nan kominote yo pou planifye sèvis ki kenbe bezwen kiltirèl ak langwistik nan tèt ou.

13. *Asosye ak kominote a pou konsevwa, aplike ak evalye politik, pratik ak sèvis pou asire kilti ak leng apwopriye.*

Mete manm kominote yo nan konsèy, komite ak gwoup travay pou ede yo kreye politik ak sèvis ki respekte diferan kilti ak lang.

14. *Kreye pwosesis rezolisyon konfli ak doleyans ki apwopriye sou plan kiltirèl ak lengwistik pou idantifye, anpeche ak rezoud konfli oswa plent.*

Kreye fason pou rezoud pwoblèm ak plent ki respekte diferan kilti ak lang.

15. *Kominike pwogrè òganizasyon an nan aplikasyon ak sipò CLAS founi tout moun ki gen enterè, elektè yo ak piblik la an jeneral.*

Pataje enfòmasyon sou fason òganizasyon an ap fè nan founi swen ekitab ak respè.

Pou aprann plis sou CLAS, tanpri vizite health.ri.gov/clas.